



AMBASAD REPUBLIK AYITI NAN KANADA

Mesaj nan okazyon komemorasyon Batay Vètyè a 18 novanm 1803 - 18 novanm 2021

Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada, nan okazyon komemorasyon 218 lane Batay (Viktwa) Vètyè a, retire chapo l byen ba devan kouraj fanm ak gason lame endijèn nan, ki te mennen gwo batay 18 novanm 1803 a, ki te reziste pou defann libète, pou kwape lesklavaj ki te yon sistèm opresyon, yon sistèm bout di ki t ap detwi lavi moun.

Bèl viktwa 18 novanm 1803 a chanje listwa tout limanite. Li bay mo libète a tout valè li. Li bay mo egalite ant gadon ak fanm tout sans li ta dwe genyen.

Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada, nan jounen komemorasyon sa, swete pou chak Ayisyèn, chak Ayisyen, reponn apèl devwa yo, tankou zansèt vanyan nou yo, pou mennen yon lòt kalte batay, yon batay ki pou pote lespwa bay tout yon pèp ki ap souffri.

Tankou sa te fèt an 1803, nou bezwen linite nan mitan fanmi Ayisyèn nan, kit sa ki ap viv nan peyi a, kit sa ki ap viv deyò, pou nou mennen on lòt batay : leve Ayiti nan dimansyon istwa li, pou zansèt nou yo, pou pwop tèt nou ak pou jenerasyon ki ap vini yo.

